



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISYON KI OBLIJE TOUT PASEJE VEYIKIL A MOTÈ KI GEN 16 ANE OSWA PLIS POU YO METE SENTI SEKIRITE

*Gouvènè Cuomo: "Nou te deja konnen depi dè deseni ke senti sekirite sove lavi epi ak mezi sa a nou ap ranfòse pi plis lwa nou yo ak ede anpeche trajedi ki initil yo. Se te anba lidèchip papa m ke New York te vin premye eta a nan peyi a ki te adopte yon lwa sou senti sekirite, epi nasyon an te swiv tras li. Koulye a nou ap bati sou eritaj sa a ak ede kreye yon Empire State ki pi an sekirite ak pi fò pou tout moun".*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.4336/A.6163) ki egzije tout pasaje nan veyikil a motè ki gen plis pase 16 ane pou yo mete yon senti sekirite. Kounye a, pasaje ki gen laj 16 ane ak pi plis, yo sèlman egzije yo mete yon senti sekirite nan chèz pasaje ki devan akote chofè a.

"Nou te deja konnen depi dè deseni ke senti sekirite sove lavi epi ak mezi sa a nou ap ranfòse pi plis lwa nou yo ak ede anpeche trajedi ki initil yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se te anba lidèchip papa m ke New York te vin premye eta a nan peyi a ki te adopte yon lwa sou senti sekirite, epi nasyon an te swiv tras li. Koulye a nou ap bati sou eritaj sa a ak ede kreye yon Empire State ki pi an sekirite ak pi fò pou tout moun".

Nan ane 1984, anba Lidèchip Gouvènè Mario Cuomo, New York te vin premye eta ki te adopte yon lwa senti sekite obligatwa e nan menm ane a, dapre Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) Eta New York, apeprè 16 pousan nan moun yo te mete senti sekirite yo. An 2008, 24 ane apre yo te pwomilge lwa a, pousantaj konfòmite a te pase jiska 89 pousan.

**Senatè David Carlucci te deklare,** "Blesi ke ou pran lè ou pa mete yon senti sekirite ka lakoz lanmò, e sa a yon reyalite kèlkeswa wi ou non ou chita devan oswa dèyè nan yon veyikil. Avèk pwojè lwa sa a yo siyen an lwa, nou pral ede anpeche trajedi ak sove lavi nan New York. Mèsi ak defansè yo, ki gen ladan AAA pou gwo sipò yo nan lejislasyon sa a".

**Manm Asanble Walter Mosley te deklare,** "Senti sekirite yo se yon fason ki pwouve pou fè wout nou yo plis an sekirite epi pou bese kantite fatalite otomobil yo. Lejislasyon sa a pral kontribiyè anpil pou reyalize objektif sa a epi asire ke tout pasaje yo an sekirite lè yo ap vwayaje. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li siyen pwojè-lwa sa a pou fè li

vin yon lwa epi mwen ap tann ak enpsaysans enpak pozitif li pral genyen sou eta nou an".

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee) a te endike ke 30 pousan nan lanmò sou otowout yo nan New York se okipan ki pa te gen yon senti sekirite ki te tache yo. Ekspè sekirite yo kwè ke itilizasyon yon senti sekirite nan chèz dèyè yo ka anpeche plis pase de tyè fatalite ak blesi grav akòz yon aksidan. Lejislasyon sa a ap chèche diminye fatalite aksidan otomobil ak viktim nan egziye tout okipan ki nan yon veyikil a motè pou yo mete senti sekirite.

Nouvo lwa a ap antre an vigè 1 novanm.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)